



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 24YÈM KONFERANS SIBÈSEKIRITE ANYÈL NAN EMPIRE STATE PLAZA NAN ALBANY

Premye evènman sou sibèsekirite nan Eta a ap kòmanse jodi 7 jen, atire plis pase 1,000 pwofesyonèl nan sibèsekirite pou Rejyon Kapital la pou diskite estrateji, tandans ak inovasyon yo nan endistri a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 24yèm Konferans Sibèsekirite anyèl la, premye evènman sibèsekirite New York, ap kòmanse jodi a, 7 jen, nan Empire State Plaza nan Albany. Evènman an ap fèt jiska demen 8 jen epi rasanble plis pase 1,000 pwofesyonèl nan sibèsekirite ki soti nan gouvènman eta ak lokal, inivèsite ak sektè prive a pou diskite sou nouvo devlopman yo nan endistri a ak pi bon pratik ki konsevwa pou amelyore sekirite Eta New York.

"Kenbe yon enfrastrikti sibèsekirite se yon bagay enpòtan pou pwoteje Nouyòkè yo epi biznis ak enstitisyon yo nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konferans sibèsekirite anyèl la rasanble lespri ki pi entelijan yo pou eksplòre inovasyon revolisyonè yo ak nouvo estrateji pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi mwen pa ka tann pou m eksplòre nouvo opòtinite ki prezante yo pou envesti nan enfrastrikti sibèsekirite eta nou an".

Konferans lan aliyen avèk angajman long dat Gouvènè Hochul pou pwoteje Nouyòkè yo ak biznis yo kont menas sibènetik ak amelyore pwoteksyon ak sekirite global Eta a.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a [te anonse](#) kreyasyon yon Sant Operasyon Sekirite Konjwont (Joint Security Operations Center, JSOC) nan Brooklyn ki pral sèvi kòm sant nève pou inisyativ sibènetik lokal, eta ak federal konjwont yo, sa gen ladan koleksyon done, efò repons yo ak pataj enfòmasyon.

Direktè Biwo Enfòmasyon Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta New York la, Angelo 'Tony' Riddick, te deklare, "Nou rekonèt enpòtans sibèsekirite epi kontinye travay pou fè tout sa nou kapab pou konbat menas sibènetik nan New York. Konferans anyèl Sibèsekirite Eta New York la pote plizyè milye ekspè ak pwofesyonèl nan domèn lan nan zòn Albany pou diskite sou pi bon pratik pou amelyore sekirite atravè eta a. Lè nou rasanble sila ki meyè ak pi entelijan yo, n ap ankouraje solisyon inovatè pou asire ke enfòmasyon pèsònèl tout Nouyòkè yo pwoteje epi rete an sekirite".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a, Jackie Bray, te deklare, "Eta nou an ap fè fas ak yon menas sibèsekirite ki akselere ki mande pi gwo kolaborasyon atravè tout sektè nou yo. Konferans sa a bay patnè nou yo atravè eta a yon opòtinite pou kowòdone ak pataje enfòmasyon ki esansyèl pou pwoteje Nouyòkè yo kont risk sibènetik k ap grandi yo".

Sirentandan Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare, "Pandan atak sou teknoloji enfòmasyon nou yo ap vin pi repete, nou bezwen rete pwo-aktif nan pwoteje enfrastrikti sa a. Konferans sa a reyini ekspè yo pou diskite sou nouvo menas yo epi mete estrateji sou fason pou pwoteje sitwayen, biznis ak enstitisyon gouvènman nou yo. Nan travay ansanm, nou ka anpeche krim sibènetik alavni".

Se Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS) Eta New York la ki òganize konferans anyèl la an patenarya avèk University at Albany School of Business ak New York State Forum, Inc.

Mario Musolino, Direktè Egzekitif NYS Forum, Inc., te deklare, "Pou pwoteje tout Nouyòkè yo, sibèsekirite dwe se pi gwo priyorite pou pwofesyonèl TI (Teknoloji Enfòmasyon) ak itilizatè yo. Itilizasyon jeneralize reyinyon vityèl ak espas travay ibrid yo te ajoute nan defi nou tout fè fas yo. Li enpòtan pou nou konprann nivo menas la epi asire ke n ap pwoteje byen ki presye nou yo. Konferans sa a se yon opòtinite inik pou aprann youn nan men lòt kèlkeswa nivo ekspètiz nou".

Prezidan University at Albany an, Havidán Rodríguez, te deklare, "Sibèsekirite se youn nan pwen fò rechèch prensipal University at Albany, epi UAlbany fyè dèske School of Business li a se yon sipòtè depi lontan Konferans Sibènetik Eta New York la ak Seminè Anyèl sou Asirans Enfòmasyon. Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta New York la se yon patnè enpòtan, epi evènman sa a se yon premye egzanp sou fason inivèsite ak gouvènman an ka kolabore pou rann enfrastrikti sibènetik nou an pi an sekirite ak pi fleksib."

Ko-Direktè Egzekitif Konsèy Eleksyon Eta New York la, Kristen Zebrowski Stavisky, te deklare, "Konferans Anyèl Sibèsekirite Eta New York la te bay ajans nou an yon pi gwo pèspektiv sou teknoloji ak nouvo tandans yo pou nou kapab kontinye kenbe enfrastrikti eleksyon nou yo nan tout eta a an sekirite. Edikasyon ak pataj enfòmasyon pa tout nivo gouvènman ak inivèsite te ogmante konsyans nou sou potansyèl menas sibènetik yo epi te ede nou amelyore planifikasyon pou rezoud risk sibènetik nou an."

Nan Bidjè Ane Fiskal 2023 ki te adopte a, Gouvènè Hochul te sekirize 61.9 milyon dola pou sibèsekirite, sa ki te double investisman anvan an. Investisman sa yo pral finanse pwoteksyon enpòtan, sa gen ladan ekspansyon pwogram Ekip Wouj sibènetik eta a pou bay tès penetrasyon siplemantè, yon pwogram egzèsis phishing (fwòd) elaji, analiz vilnerabilite ak sèvis siplemantè pou repons ak pwoblèm sibènetik yo. Investisman sa

yo ede asire ke si yon pati nan rezo a atake, Eta a kapab izole ak pwoteje rès sistèm lan.

Anplis de sa, nan kad investisman sa yo, Gouvènè a te ajoute yon pwogram "sèvis pataje" 30 milyon dola pou ede gouvènman lokal yo ak lòt patnè rejyonal yo akèri ak deplwaye sèvis sibèsekirite bon kalite pou ranfòse defans sibènetik yo. Nati entèkonekte rezo yo nan eta a ak pwogram Teknoloji Enfòmasyon yo vle di atak yo kapab pwopaje byen vit atravè eta a. Anpil antite gouvènman an souvan pa gen finansman oswa resous nesèsè pou pwoteje sistèm yo, kote kèk bay sèvis enpòtan tankou swen sante, aplikasyon lalwa, jesyon ijans, tretman dlo ak asirans chomaj, pou site kèk sèlman.

Pou plis enfòmasyon sou 24yèm Konferans Sibèsekirite Anyèl Eta New York la, ale sou sitwèb konferans lan nan <https://its.ny.gov/2022-nyscsc>.

Pou moman enpòtan nan evènman an, swiv nou sou Twitter [@NYSITS](https://twitter.com/NYSITS) [#nyscyber](https://twitter.com/nyscyber).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418